

Ukwizera n'ibikorwa

Igitabo co mu 2018



EVANGELICAL FRIENDS CHURCH
EASTERN REGION

INYIGISHO

Isengeri ry'abagenzi b'abavugabutumwa - Akarere k'ubuseruko riratangaza inyigisho mu majamba yo kwizera akurikira

100 IMANA

- a. Twemera ko Imana ari imwe⁸ Yamaho,⁹ Iri Hose,¹⁰ Idahinduka,¹¹ yamyeho¹² ; Itunganye mu bweranda,¹³ ubwenge,¹⁴ mu rukundo,¹⁵ mu nkomezi,¹⁶ no mu butungane¹⁷ ntacayitanze kubaho;¹⁸ N'umuremyi¹⁹ Niyo ikingiye ²⁰ ibintu vyose , ibiboneka n'ibitaboneka.
- b. Ibaho nk'ikiremwa kimwe kandi nk'ubutatu bw'abantu batatu batandukanye, basa, badatandukana, kandi bangana mu bumana, imu nkomezi, imyaka yose: Imana data,Imana mwana,Imana mutima mweranda/Imana mpwemu yera.²¹
- c. Imana yiyerekanye mu bihe vyaheze mu buryo bwinshi kandi butandukanye,mu buryo buhebuje yiyerekanye muri Yesu Kristo..²² Imana ibandanya yiyerekana biciye Mu Kurema kwayo ,²³ Mu vyanditwe vyeranda,²⁴ no mubikorwa vya mpwemu yera mu mitima y'abantu .²⁵
- d. Imana niyo yonyene ikwiye gutazirwa ,icubahiro n'amashimwe vyacu,ubu no mummyaka yose.²⁶

110 YESU KRISTO

- a. Twemera ko Yesu kristo,yari ijamba arikumwe n'Imana kandi ko yari Imana²⁷Niwe mwana w'ikinege w'Imana.²⁸yasamwe kubwa mpwemu yera ²⁹ avyarwa na Bikira Maria ³⁰ niwe shusho y'imana Itaboneka.³¹Yihuza muri we muri kameremere y'Imana na kamere muntu muri kamere imwe idatandukanywa, Imana-muntu.³²
- b. Yabayeho kandi ababarira kw'isi kugirango yerekane Inzira y'Ubuzima..³³ Yarabambwe kandi arapfa kugira ngo arokore ivyaha vyose vyo kw'isi,³⁴ mu gutanga ingene abantu bashobora kuronkamwo imbabazi z'ivyaha no kwezwa ibicumuro vyose.³⁵
- c. Yapfuye ku bwacu³⁶ Azuka k'umunsi ugira gatatu kugira adukize ibicumuro;³⁷ hanyuma yurira mw'ijuru³⁸ yicaye iburyo bw'Imana, abayeho kugira atubere umuhuza n'Imana,³⁹

azogaruka kandi kugira ngo yakire isengero riwe wenyene⁴⁰ no gucira urubanza isi .⁴¹

120 MPWEMU YERA

a. Turemera mpwemu yera , Atari nk'ikitari umuntu canke ngo kube impwemu gusa ,ariko nk'Imana,⁴² kandi naho itandukanye na Data n'Umwana, uhereye kuri bose,⁴³ bangana mu bubasha, inkomezi, n'icubahiro.⁴⁴

b. Ni umukozi w'Imana mu kwemeza icaha,⁴⁵ mu kuvuga,⁴⁶ kwezwa,⁴⁷ no mu gukingira abizera.⁴⁸

c. Yahawe kuba m'uwumwizera wese ngo abe umwigisha,⁴⁹ Umuyobozi,⁵⁰ n'isoko ry'amahoro.⁵¹ Yeza umutima w'abemera⁵² kandi atanga mu buryo bwiwe bwo guhitamwo ingabire z'impwemu zo gukorera no kwubaka umubiri wa Kristo.⁵³ abiba mu bizera imbuto z'impwemu⁵⁴ kugirango bashobore guhuza n'ishusho ya Kristo.

130 IVYANDITSWE VYERA / IJAMBO RY'IMANA

a. cokimwe n'abagenzi ba mbere, turizera ko Ivyanditswe vyera vyose,⁵⁵ vyo mu Isezerano rya Kera n'Isezerano Rishasha, bitangwa no guhumekwa n'Imana, nta kosa riri muvuyo ryemeza,⁵⁶ kandi ni ryo tegeko ryonyene ryo kwizera no gukoresha.⁵⁷ N'ububasha bwuzuye kandi bwizewe, burahagije kubizera bose ubu no mumyaka yose,⁵⁸ kandi vyunguka mu kwigisha, gukosora, no mu kumenyereza mu vyerekeye ubugororotsi⁵⁹

b. Rero, amatangazo arimwo ashingiye ku bubasha bw'Imana yo nyene,⁶⁰ kandi ntanakimwe gishobora kutwagiriza ntanuwundi muntu ashobora kutwagiriza Nizo nyandiko zonyene zemewe n'Imana z'inyigisho twokwizera nk'abakristo ,⁶¹ amabwirizwa niyo ategerezwa kugenga uko tubaho.⁶² inyigisho nk'izo ziri mu vyanditswe nizo zishobora gufatwa nk'ingingo zo Kwizera gusa.⁶³ Mpwemu yera,yahumetse ivyanditswe,niyo itegerezwa kuba umusiguzi mwiza wavyo.⁶⁴ Ivyo umuntu uwo ari we wese avuga canke akora ibinyuranye n'Ivyanditswe, n'aho woba ari umwuga wo kuyoborwa n'impwemu, bitegerezwa gufatwa nk'ibitutu .⁶⁵

c. Ivyanditswe bisaba abizera kuvyubaha neza⁶⁶ kandi birugurukira cane abavyiga kandi bakavyubaha⁶⁷

140 IREMWA

a. Twizera ko ivyaremwe arico gikorwa c'ubutatu bweranda Imana yakoreye ubuntu⁶⁸ Imana Data ,⁶⁹ Mwana,⁷⁰ Na mpwemu yera,⁷¹ kuva mu ntango y'isi no mucubahiro c'ayo⁷² Imana yaremye, idakoresheje ibikoresho vyariho,⁷³ Isi yose,ibiboneka n'ibitaboneka⁷⁴

150 SATANI

- a. Twizera ko hariho Umubi, “iyo nzoka ishaje ari yo Sekibi, na Satani,”⁷⁵ umunyakibi yikuye ku Mana ⁷⁶ ahinduka mubi, aranagerageza abavyeyi bacu ba mbere gukora icaha,⁷⁷ nabo kubera ukutubaha kwabo baca batuzanira guhona kw'abantu⁷⁸ hamwe n'abakozi bayo bose gutesha agaciro, amaganya n'umubabaro.⁷⁹
- b. Satani yerekanye imico yiwe mibi n'umugambi wiwe mu buryo bwo kurwanya Kristo ubudasiba mu bigeragezo vyo mu bugaragwa,⁸⁰ yagwanije abantu biwe n'ubwami bwiwe⁸¹ Ariko inkomezi za satani zifise aho zigarukira,⁸² kandi mugihe c'Imana azoboheshwa umunyororo hanyuma amaherezo atabwe mu kiyaga c'umuriro.⁸³
- c. Mugihe Satani akorera muri iyi si, abakristo kubw'ububasha bwa mpwemu yera ubarimwo barashobora kunanira ibigeragezo vya Satani kandi bakamutsinda.⁸⁴

160 UBUNTU

- a. Iremwa Twizera ko kubikorwa runaka, Imana yaremye umugabo n'umugore mwishusho yayo, yera kandi ishoboye kumenya no kwumvira ubushake bw'Imana, kugirango ihimbaze Imana kandi yishimire ubucuti bwayo imyaka yose.⁸⁵
- b. Kugwa: Twizera ko Adamu na Eva baguye muriyi mitego yambere kubera igikorwa co kutumvira Imana,⁸⁶ mbere baca batakaza ubunywane bwabo hamwe n'Imana⁸⁷ baca bigira ishingiro ry'ubuzima bwabo. Kubw'iki gikorwa, bababajwe n'urupfu rw'impwemu, kandi icaha cinjiye mwisi n'urupfu kubw'icaha, urupfu rwaciye rubacako bose.⁸⁸
- c. Twizera kandi ko nk'inkurikizi zo Kugwa, abantu bose bavutse bafise kamere k'icaha⁸⁹ kandi ntibagengwa n'amategeko y'Imana, kugirango gusa biciye mu bikorwa vy'ubuntu bw'Imana bashobore kwihana no gutabaza Imana
We. Ariko, kubw'ubuntu bw'Imana abana ntibakiri abanyavyaha ahubwo ni abarazwe agakiza.⁹⁰

170 GUKIZWA

- a. Turemeza ko agakiza k'ukuri gashobora kuboneka gusa mu kwizera Yesu Kristo.⁹¹ Twizera ko kubuntu bw'Umwami wacu Yesu Kristo,⁹² biciye mu buryo bwihuse bwa Mpwemu yera,⁹³ abantu barashobora kwiyunga n'Imana bagakurwa mu buryo baguye kubwo gutsindanishirizwa,⁹⁴ kuvuka bushasha,⁹⁵ kwezwa⁹⁶ hamwe n'izuka ry'umubiri⁹⁷
- b. Gusigura: Mu gusubiza abanyavyaha kwihana, bakikihebera ubwabo, no kwizera bivuye ku mutima n'inkomezi z'urupfu rwa Yesu ariwe ncungu n'amaraso yasesetse,⁹⁸ Imana ibababarire ivyaha vyakera kandi ibamenyeshe ko ari arabagorotsi, atari kuvyo bakoze vyose ahubwo kubwo kwumvira urupfu rwa Kristo.⁹⁹

c. Kuvuka bushasha: IMu gusubiza abanyavyaha kwihana, bakikihebera ubwabo, no kwizera bivuye ku mutima n'inkomezi z'urupfu rwa Yesu ariwe ncungu n'amaraso yasesetse, Imana nayo kubw'inkomezi zayo z'ubuntu ibagira ivyaremwe bishasha.¹⁰⁰ Kubw'ubwemwe yera bavutse ubwa kabiri mu muryango w'Imana¹⁰¹ ku buzima bushasha bw'urukundo ku Mana no ku bantu.¹⁰² Ubwenge bwabo bumurikirwa kugira butahure ukuri kwiwe,¹⁰³ kandi ugushaka kwabo kugigwa gushasha kugirango bakore ivyishaka,¹⁰⁴ mu gihe atanguye kubihuza n'ishusho yiwe. Ivyemeza vyo kuvuka bushasha kw'uwemera ni imbuto za mpwemu yera.¹⁰⁵

d. Ukwezwa: Twizera ko abana b'Imana mugihe co guhinduka kwabo bahabwa mpwemu yera.¹⁰⁶ Nkuko bamwizera kandi bakumvira ico ishaka, bagaragaza vyinshi kandi bijanye na mpwemu yera, bagahuza cane n'Imana ishaka, gutyo bakabandanya kwezwa.¹⁰⁷

e. Ni ivyo imana ishaka ko abizera bakira ivyuzuye mpwemu yera,¹⁰⁸ ivyo abikorera ubuntu agasubiza abajana vy'ukuri nivyo ashaka hamwe no kwizera amasezerano ya Kristo no mu rupfu rwo kuducungura.¹⁰⁹ Kwezwa rero ni inzira mpwemu yera ahora aha abizera inzira y'ubweranda n'igikorwa atunganirizamwo abadatunganye .¹¹⁰

f. Twizera kandi ko kwuzura kwa mpwemu yera bidatuma abizera badashobora guhitamwo gukora icaha, ndetse bakava no mu Mana burundu, ariko birabatunganya kandi bibaha inkomezi kugirango babandanye gutsinda icaha, kugira ngo bakunde Imana n'abantu, banemeze ko Kristo ari muzima.¹¹¹

180 URUSENGERO

a. Twizera ko urusengero rugizwe n'abantu bose kuva ku batumwa kugeza ubu,¹¹² abatsinze bose abapfuye n'abakiriho¹¹³ biciye mu nyishu yo gukizwa itanzwe n'imana¹¹⁴ mukwirega ibicumuro vyabo¹¹⁵ no kw'izera mu mukiza yesu kristo nk'umukiza wabo¹¹⁶ bavutse bushasha¹¹⁷ nk'ivyaremwe bisha muri kristo.¹¹⁸ Uru rusengero ni urwo muri mpwemu,¹¹⁹ nurwo kw'isi yose,¹²⁰ kandi ni rweranda¹²¹ kandi rurarokora .¹²²

b. Rufise umugambi wo guhindura abantu bakaba abavugabutumwa bava mu bihugu vyose basigure ivy'urukundo rw'imana¹²³ kandi babeho nk'abagenzi bafashanya mu buntu bw'imana.¹²⁴

c. Urusengero washikanye ivyo rwishinze mukuba ahariho hose kw'isi¹²⁵ kandi rukaba nkishirahamwe ry'amasengero menshi cane¹²⁶ bigatwagwa n'abafise iyo mpano y'ukurongora urwo rusengero¹²⁷ urusengero rurahimbaza mu masengesho¹²⁸ mu mashimwe,¹²⁹ no mu ndirimbo;¹³⁰ mu kwigisha ijambo ry'imana;¹³¹ mukwemeza n'ukuja kwigisha ijambo ry'imana mwana;¹³² rugakoresha ingabire za mpwemu yera;¹³³ rukazana indero;¹³⁴ kandi rukora ibikorwa vy'umugisha kandi rukorera haba kuvy'umubiri no muri mpwemu kubanyarusengero n'abo bose babikeneye¹³⁵

190 IHEREZO

- a. Twizera ko iyo umuntu apfuye umubiri upfa ugasubira mu mukungugu iyo wavuye.¹³⁶ Impwemu z'intungane zizogira umunezero n'ubuzima imbere y'Imana, ariko abanyavyaha bazotandukana no kuboneka kwayo mu mwijima no kubabazwa n'ibibi bakoze.¹³⁷
- b. Twizera kugaruka k'Umwami Yesu Kristo kw'isi kandi ku umunsi utazwi .¹³⁸ Mukugaruka kwiwe abapfuye bakijijwe bazozuka kandi ubuzima bw'abakijijwe buzohindurwa mu guhimbazwa kwabo mu mibiri nkuko umubiri w'icubahiro w'Umwami wabo yesu kristo - imibiri bari bafise mu buzima bwisi ariko ubu bafise imico myiza , yo mwijuru. Abanyavyaha nabo bazozuka k'umunsi w'iherezo.¹³⁹
- c. Twizera ko Kristo azotwara ubwami bwiwe kubantu bose hamwe n'isi yose kuntsinzi yiwe yanyuma atsinze satani¹⁴⁰
- d. Twizera ko Umwami Yesu Kristo azocira urubanza abantu bose bivanye n'ukwizera kwabo nkuko bizoba biboneka uko bitangiye ubuzima bwabo ku nzira y'umusaraba; abazimiye bazohanwa abacunguwe nabo bahabwe umugisha w'iteka n'ubuzima.¹⁴¹

INTAHE

Hamwe n'inyigisho z'intangamarara, urusengeru rw'abagenzi b'abavugabutumwa - akarere k'uburasira zuba rwerekana ayo majambo ajanye no gutahura ubuzima bwa gikristo bwa buri munsi nk'uko vy'igishwa mu Vyanditswe. Bitegekanijwe mu bice bitandatu: Ni Gusenga , Kubaho Gikristo, Umuryango wa Gikristo, Imirimo ya Gikristo, Isano ry'umukristo na rera hamwe n'ikibano , hamwe n'ibibazo bimwe na bimwe bigezweho

200 UGUSENGA

201 Ugusenga n'ugutazira

- a. Nta kintu mu buzima bwa gikristo kivugwa cane mu vyanditswe vya Bibiriya kuruta gusenga no guhimbaza nk'ibitegerezwa mbere nk'icubahiro.¹⁴² Bibiliya itanga uburorero n'inyigisho kuribi bikorwa. Mw'Isezerano rya Kera, Daniyeli ni we karorero gakwiye muri vyo, naho umwami yari yabibujije, we yasenga Imana mu budahemuka kandi kumugaragararo incuro zatatu ku munsi.¹⁴³ Zaburi yuzuye amasengesho no guhimbaza Imana.¹⁴⁴ Kubisoma, umukristo ariga akamaro kavuye mu gusenga no guhimbaza Umukiza wacu, Umwami Yesu Kristo,we karorero kacu mu bweranda , yakunze kwiha amasengesho no guhimbaza.¹⁴⁵ Yakunze kandi gutegeka abigishwa biwe,n'abakristu bo mu bihe byose, gusenga no kurindira inyishu y'Imana.¹⁴⁶
- b. Kwumva ko harico ukeneye niwo muhamagaru uhagije wo gusenga.¹⁴⁷ Abanyavyaha baremerewe kuza badatinya ku ntebe y'ubuntu bakabona Data hanyuma bakababarirwa.¹⁴⁸ Mu buryo nk'ubwo, abakristo barashobora kubona mu masengesho

ibimenyetso vy'urukundo rw'Imana no kubasengera imitwaro yabo bararonka inyinshu iyo bizeye.¹⁴⁹

c. Gusenga nikwo kubaho kw'umukristu kandi biha umukristu inzira yo gushika kwa Data .¹⁵⁰ birakenewe cane kugira umukristu akure mubuzima rukristu. Twizera ko imiryango yategerzwa gushiraho umwanya wo gusengera hamwe buri muni, gusoma Bibiliya no guhimbaza;¹⁵¹ kandi ko mubikorwa vyo gusengera hamwe, dukwiye guha agaciro amasengesho no guhimbaza..¹⁵²

202 Gutazira kw'Umukristu

a. Gutazira ni amahirwe k'Umukristu. Ni vyiza cane kandi bitewe na mpwemu yera aho abizera biha gusangira no gusabana na Data wo mwijuru, igihe bumva babishaka kandi bagasenga, bakanashimira Imana. Uwu n'umwanya wo kuza imbere y'imana nk'abana bayo ikunda ¹⁵³

b. Ukwitegura kwa mbere mugusenga ni ukwicisha bugufi, ukamenya ko ubuntu bw'imana yaduhaye ari amahirwe. Ikindi gikomeye ni mpwemu yuzuye, yubaha ubutwari bw'imana icy'ingenzi kimwe ni umwuka wuzuye, n'ishaka ryiwe mu buzima bwacu buri muni. Iyo ibi biwiye ,guhimbaza biba bikwiye ibisabwa kandi birazana inyishu.¹⁵⁴

c. Umwanya w'amasengesho uburimwo Gusenga, gutazira no kwiga ijamba ry'imana. Mu masengesho ya benshi twari dukwiye gushiraho umwanya wo kwiyumvira no gufata ingingo.¹⁵⁵

d. Kubera ko gusengera kumugaragarako bifasha abakristo gukura mu buntu, nico kintu co gushimikira mu rusengero. Kubera ko ari intahe kubantu bo mukibano kubijanye n'ugutazira imana, abakristu bo mu rusengero bakwiye kuza baraza mu bikorwa vy'urusengero kenshi kandi badasiba. Ni vyiza ko bigisha abana babo imigenzoy'idini, ibi bica bifasha mugutuma abana babo bakurira mu Gakiza no gusenga Imana.¹⁵⁶

e. Kuva mu ntango y'ubuzima bwiwe bwo kw'isi¹⁵⁷ no mu bihe vyose,¹⁵⁸ Umwami Yesu Kristo yamyeho , arahari, kandi azokwama ariwo gutazigwa.¹⁵⁹ Tumugira ihuriro ryo gusenga kwacu kandi tunezewa no guhuriza hamwe kumushimira, kumutazira no kumukeza nk'Imana. Atari kumwe natwe, biciye mur mpwemu yera ,ugusenga kwacu ntaco kwoba kumaze.

203 Amabwirizwa

a. Abagenzi b'abavugabutumwa , bararabira hafi ibijanye n'ihohoterwa ryerekeye gusangira no gukoresha amazi mu kubatiza rukristo, kandi ryasubiriye riraba iviy-nyuma kuruta ivyo muri mpwemu (ihohoterwa riraho gushika n'ubu),¹⁶⁰ bashigikiye guhagarara cane kubijanye na mpwemu ,tibaha cane agaciro iviyuma vy'umubiri. Ariko, mu 1886 Inama ngarukamwaka ya Ohio (EFC- ER) yumvise ko ibujijwe gutanga ubwigenge ku

bijanye no gukoresha canke kudakoresha ibintu vyo hanze nk'umukate n'umuvinyu mu gusangira cokimwe n'ibijanye n'amazi mu mu kubatiza rukristo, kuburira ukunanirwa kugera ku kintu co gusangira muri mpwemu mu rupfu rwa Kristo no mu kubatiza muri mpwemu yera.

b. Igihe Yesu yasangira iryanyuma n'abigishwa biwe, yavuze amajambo yagiye asigurwa (1) nko guhamagarira kwubahiriza Isezerano Rishasha canke (2) nk'ikimenyetso gishasha kw'isangira rya pasika nk'insiguro nshasha kw'ifungura rya Pasika basangiraga hamwe.¹⁶¹ Umukate utambiye gati udasembuye wagombaga kugereranya umubiri we ugiye kumeneka kuri bo na vino, amaraso yari hafi kumena.¹⁶² abakristu bakera mbere na benshi bubu bafashe insiguro yambere. Naho benshi basanga gusangira n'igikombe n'umukate bishobora kuba bifise insiguro iboneka kuvyo Imana yakoze muburyo bwa mpwemu, ntitwemera ko gusangira ari ngombwa kugirango umuntu akizwe canke s'ikintu gisabwa abakristo bose. Ahubwo, ni icerekana inkomezi zo gukiza za Yesu n'icerekana umwe wese mu kwizera Yesu nk'Umukiza n'Umwami.¹⁶³

c. Yesu yerekanye uruhara mu kubatizwa mu mazi nk'umuntu ku giti ciwe ariko kandi nko gutanga ubutumwa bwa muvyara we, Yohana Umubatizi.¹⁶⁴ mw'Isezerano Rishasha, tubona umuco w'abizeye muri Yesu Kristo babatizwa nk'ukwemeza ko bemeye Yesu nk'Umukiza. Nubwo twe nk'Abagenzi twemera ko amazi yo kubatizwa kwa gikristo ashobora kuba icemezo co kwerekana ivyo Imana yakoze mu vy'impwemu , ntitwemera ko ukubatizwa arikwo gukenewe kugirango umuntu akizwe canke akwize ibisabwa kubakristu bose . Ahubwo, ni icerekana inkomezi zo gukiza za Yesu n'icerekana umwe wese mu kwizera Yesu nk'Umukiza n'Umwami¹⁶⁵

d. Buri rusengero rwacu rurashobora gutegura ibikorwa, ari nko mubikorane bidasanze aho kuba mumasengesho asanzwe, kubatizwa no gusangira bisabwe n'abanyarusengero , mu gihe twubaha umutima w'abatemera ikoreshwa ryibimenyetso nk'ivyo. iyo umupasitori yumva adafise ukwemera kujanye n'ugutanga ivyo, uyundi mu pasitori arashobora kuca abandanya. Muri ivyo bikorwa vyose bitegerezwa gutahurwa n'urusengero rwose k'Abagenzi bafise uburenganzira bwo kwirinda ndetse nokutaba muribi bikorwa. Muri ibi bikorwa nivyiza kwumvikana n'ukwerekana iyubahirizwa ko ibikenewe cane ari ibimenyetso vy'indani vya mpwemu yera. Abagenzi b'abavugabutumwa baritondera ikoreshwa z'ibishusho kenshi kugira ngo ntibimenyerwe maze bite agaciro kavyo ko muri mpwemu yera

204 Ukwumvikana mu rusengero

a. Ukwumvikana mu rusengero ni ngombwa mu kwemeza ubukristu bwiza no gusenga no gukorera Umwami Yesu Kristo.¹⁶⁶ dutegerzwa kuraba ko rero ukwo kwumvikana kugumaho ¹⁶⁷ urusengero,cane cane pasitori mukuru n'abayobozi bakuru ,bategerezwa kuraba ko atanakimwe coza gitera umudugararo mu rusengero. Bakwiye kwihutira gutahura iviyumviro bitadukanye kugira ngo kugirango birinde ugushwana hagati y'abagize urusengero. iyo hadutse amacakubiri canke impari ,pasitori mukuru arikumwe

n'abayobozi bakuru bategerezwa kubwira impande zose maze zigatekana kandi bakagakora ibishoboka vyose ,cane cane bakurukiza urugero rwashizweho n'umwami wacu ubwiwe ,¹⁶⁸ kugira bashikire ugusubizahamwe.¹⁶⁹

210 KUBAHO RUKRISTU

a. Kera mu kubaho kwabo kw'amadini, abakristo barize ko ari ngombwa gufata ingingo kuvyerekeye uko bokwitwara. Harivyo bagiye baramenya buke buke, biciye mukibano, ko vyoca bibangamira cane ugukura kwabo rukristu Kubera gufata ingingo nziza nkizo kubijanye n'ukubaho arivyo bituma umenya ibijanye n'ugukura muri kristu . Kumenya ko ari abakristo bariko barakura aribo bafise inkomezi mubijanye n'ivyimana mbere banashima ubuzima bwabo,Abagenzi b'abavugabutumwa, baravyemeza nk'amabwiriza agenga ibijanye n'ugukura gikristo twumva ko twigishwa muri Bibiliya.¹⁷⁰ Twifuza ko abakristo bacu bakura binyarutse kandi bagakura cane kugira bagere aho buzura kristu.¹⁷¹

211 Guca Bugufi

a. kubera ko amategeko yokurukizwa ava kumuryango utari uw'abakristu ari manini ku bakristo, abagenzi b'abavugabutumwa twemeza ko ubwenegihugu bwacu butari ubw'iyi si.¹⁷² isezerano rishasha ritegeka: "Ntube nk'iyi si,"¹⁷³ iratwibutsa ko mu buzima bwacu dutegerezwa kwambara twikwije mu buryo bwose.¹⁷⁴ dutegerezwa kandi kuraba ko tudatirimutswa n'ivyisi hanyuma ngo tugwe mu vyaha. Mu gutunganya amazu yacu, muvyo dufungura , mu kugura ibi n'ibindi vy'aha kwisi - mu buryo bwose dukwiye kwerekana ko twemera ko ivyubuzima bwaha kwisi atarivy'umukristo.¹⁷⁵

212 Ubukwe/ubugeni,guhamba,kwibuka

a. Ubugeni/Ubukwe Kubera ko ibirori vy'ubukwe ari ibirori bihezagiye , Abagenzi b'abavugabutumwa bashigikiye ko bitegerezwa kuba ibirori bisanzwe ariko vyubashwe. Mugihe twifuza ko buba ikintu cokwama cibukwa kubera ubwiza bwaco, dukwiye kwirinda kwikinisha no kurenza urugero. Nivyiza ko twitonda kugirango ibirori vyose bibe gikristo, duhereye mu guhitamwo indirimbo n'ibindi bice vyose vy'urubanza kuko abari ari umwanya wo kurondera umigisha w'Imana murubwo bumwe no Ikurondera ubufasha bwayo mugushika urugo.

b. Guhamba: Mu gihe tuzi ko imibiri yacu yavuye mw'ivu¹⁷⁶ kandi izosubira mw'ivu,abagenzi bahanura ko hokwirindwa ibintu bizimvye canke ivyibutso hageze guhamba.

c. Ukwibuka : Iyo urusengeru rubonye vyoba arivyicubahiro kubikora kandi ko bikenewe , Abagenzi barashobora gutegura inyandiko zibutsa ubuzima bwaranze umuntu yapfuye wo murusengeru. Izo nyandiko zica zirungikwa ku cicaro gikuru c'abagenzi b'abavugabutumwa ,niczo zica zitegura inyandiko zanyuma zizosomwa mu nama ngarukamwaka ibikurikira. Ibi vyibutso canke inyandiko zo kwibuka n'ivyaba pasitori

n'abatambukanyi babo, abamisiyoneri, abanditsi ba EFC-ER / abayobozi canke umuntu uwo ari we wese yagize uruhara runini muri EFC-ER muri rusangi gusa. Ivyibutso vyose ,canke inzandiko zose z'ukwibuka bibikwa muri kaminuza ya Malone. Ivyibutso vy'abavugabutumwa, abamisiyonari, n'abagenzi bazwi n'abayobozi ba EFC-ER nivyo vyonyene bosohorwa .

213 Ingeso mbi

a. Abagenzi b'abavugabutumwa bategerezwa kuba maso cane kugirango birinde kuja mu ngeso mbi ziranga iyi si yanduye.¹⁷⁷

b. Ingeso mbi ni nko kunywa inzoga ,itabi,n'ibindi biyayura mutwe. Imibabaro myinshi yatumye abantu benshi baja murivyo vyaha , tutibagiye n'ingaruka zibabaje zishika ku buzima, ubwenge, amafaranga, n'ingene babana n'abantu . Iyo umuntu agiye mu ngeso mbi nk'izo, ubukristu bw'umuntu n'abwo burapfa. Abagenzi bategerezwa kwirinda kuja murizo ngeso izo arizo zose ,bivanye n'ingaruka mbi z'ishikira umuntu ndetse ningaruka umuntu agira kubandi.¹⁷⁸

c. Kubera ivyo vyose, abagenzi b'abavugabutumwa bategerezwa kwirinda ingeso nk'izo kandi zikirinda gufasha mu gukora canke guteza imbere ikorehwa ry'inzoga, itabi, ccanke ibiyovyabwenge bitemewe. Abakristo bashasha babonye bibagora guheba izo ngeso,¹⁷⁹ urukundo isengeru rubakunda rutegerezwa kwongerezwa kugirango bashobore kubohoka.¹⁸⁰

214 ibijanye n'ukwidagadura

a. Bivanye n'ingene hari ibintu vyinshi umuntu yokwidagaduriamwo , Abagenzi b'abavugabutumwa bategerezwa kuraba neza ivyo bajamwo mukwidagadura bivanye n'inyungu zacu canke umwanya tuba dufise n'amafaranga dufise. Imyidagaduro irashobora kandi irafise ico ihindura mu buzima bw'umuntu.¹⁸¹

b. Abanyarusengeru bacu bategerezwa kwirinda kuja muri muri firime, imvino, n'ibiteramo canke ibindi vyose bitajanye n'ivyubutumwa bwiza. Abanyarusengeru barabujijwe gukina akamari,canke bindi vyose bijanye n'ubusuma nk'ubwo. Abagenzi b'abavugabutumwa bategerezwa kwitondera mbere bakirinda gusoma ibitabo bitandukanye n'ukwemera kwa gikristo.¹⁸²

c. Bivanye niakamaro vyogirw ku mirimo ya gikristo kuri radio na tereviziyo, abagenzi babavugabutumwa bategerezwa kwirinda ibiganiro bica intege yaba umuziki, ururimi, canke ibindi bikorwa¹⁸³

d. Abagenzi b'abavugabutumwa bagiye mumakoraniro kure y'urusengeru rwabo bategerezwa kwibuka ivyo bakeneye muri mpwemu yera , bakiyumvira kurusengeru ,n'ibikorwa baba bajejwe kurusengeru kugira baje mubikorwa nkivyo.

215 Amashirahamwe anyegeje

a. Amashirahamwe menshi arashiramwo uburyohe iyo hageze kw'injiza abantu. Abagenzi b'abavugabutumwa bategerezwa kurabira hafi amashirahamwe nkayo-umwanya bitwara , amafaranga akenewe, hamwe n'ingaruka vyogira. Dutegerezwa kwirinda amashirahamwe adatahuritse mbere bigisha n'ibidahuye cane na bibiliya ugasanga yesu kristo ntibamuha agaciro nkuko vyategerezwa naho baba bitwa ko bakora ibijanye n'ugusenga. Kugira ubucuti n'ayo mashirahamwe kiretse ko bidakenewe, bituma kandi vyica icizere kubantu¹⁸⁴

220 Umuryango Ukijijwe

221 Umuryango

a. Umuryango nico kintu cambere mu mubano w'abantu kandi ninawo mushinge mwiza w'urusengeru. Ibintu vyinshi muri Bibiliya bivugwa kumuryango biratwemeza ko umuryango ufise inkomoko y'imana.¹⁸⁵

222 Ubugeni n'imibonano mpuzabitsina

a. Ubumwe bukomeye nk'ubukwe abantu bategerezwa kubujamwo babanje kuvyiyumvirako, kwitegura, gusenga kandi bakabikora "mugutinya Imana" Abagenzi b'abavugabutumwa bategerezwa guhamagara mpwemu yera mu bijanye n'uguhitamwo uwo bazobana , twibuka itegeko ry'intumwa, "Ntimukabe ingoyi imwe hamwe n'abatizera."¹⁸⁶ Abavyeyi bategerezwa gufasha abana babo kurondera uwo bokwubakana afise imico rukristu kandi avyemanga.¹⁸⁷

b. Ubugeni ni hagati y'umugabo umwe n'umugore umwe kandi ntawundi muntu yobitanga Abagenzi b'abavugabutumwa baremeza ko ivyanditswe vyera vyerekana ko umugambi w'imana aari uko imibonano mpuzabitsina iba gusa k'ububakanye gusa kandi hagati y'umugabo umwe (umugabo) n'umugore umwe (umugore), kandi ko abubakanye basangiye ibitsina binyuranye n'ivyanditswe vyera .¹⁸⁸ Indahiro yo kwubakana imbere y'imana n'abantu ituma abubakanye "bahinduka umubiri umwe."¹⁸⁹ ukwubakana kandi, cyane cyane, bisaba kuba ukuze mumutwe , bisaba ko kandi mushiramwo mpwemu yera. Abagenzi b'abavugabutumwa rero bategerezwa kubanza gushishoza n'ukwiyulmuvira imbere y'uko bubakana

c. Abagenzi b'abavugabutumwa barizera ko imibonano mpuzabitsina ari impano nziza y'Imana iyo ihuje umugabo n'umugore gusa mu rukundo .¹⁹⁰ Twemeza ko uguhuza ibitsina bukwiye gusa mububatse rukristu , abandi bose bategerezwa kwihangana kurangura ayo mabanga. Urusengeru rw'abagenzi babavugabutumwa ntibemera abahuza ibitsina babisangiye kuko bitandukanye n'ivyimana ivuga Gushaka gukora imibonano mpuzabitsina atari kububakanye ariwe mugabo n'umugore birashobora kuneshwa n'ubuntu bw'Imana. Urusengeru rw'Abagenzi barifatanya n'abakozi b'imana bagasaba ibikoresho - Ibitabo bishingiye kuri Bibiliya, amavuriro n'abahanuzi - vyose kugirango

bahanure uwoba afise ikibazo canke akunda cane imibonano mpuzabitsina canke ikindi kibazo runaka. Abavugabutumwa bakorera cane ibikorwa vyabo mu vyivyaha vyo guhuza ibitsina canke ivyaha vy'abahuza ibitsina babisangiye¹⁹¹urusengero rw'abagenzi b'abavugabutumwa rubahamagarira kubishura neza ariko badaciye irya n'ino. Urugo rwiza ntiruhagaze kugitsina gusa, ahubwo ni urukundo nyarwo urwo narwo rugatera imbere biciye mukuyaga,kwubahana,kuba abagenzi ndetse no kwitanga ubuzima bwawe bwose, nkuko Intumwa Pawulo yavyibukije.¹⁹²Abagenzi b'abavugabutumwa mugihe zigize ingorane mu ngo zabo zirasabwa gusenga cane zisaba imana mbere zikarondera pasitori canke uwundi muhanuzi akijijwe kugira abahanure ngo urwo rugo rusubire rumerere neza rusubire ukwo imana ishaka

223 Ukwahukana

a. Mugihe ico Bibiliya yemera kugira abantu bahukane ari ubusambanyi,¹⁹³ no gutererana imirimo y'urugo,¹⁹⁴ Abagenzi b'abavuga butumwa bariyamije ugushaka kwahukana ukwarikwo kwose.¹⁹⁵ kubera ko kwubaka ari ikintu ceranda bisabwa ko abagenzi birinda ico cose cotuma urugo rusambuka ,bikunze mukubahanura canke gukoribishoboka kugira urugo rusubire rumere neza.

b. Isenyuka ry'ingo muri ino minsi rifise ingaruka nyinshi kurusengero nico gituma ari nkenerwa kwihutira kubitaho tukabikora kandi mu rukundo.¹⁹⁶

c. Abagenzi b'abavugabutumwa barabujijwe kurongora/kwubakana n'umuntu yahukanye kiretse bibonetse ko yahukanye kubera ubusambanyi canke no gutererana ibikorwa vy'urugo. Abavuga butumwa bacu bategerzwa gusuzuma neza ukuntu ibintu bimeze,bagashishoza neza ,mbere bakanabaza n'izindi ndongozi z'amasengero yabo,ilbere yo gufata ingingo yo kuraganisha abantu.¹⁹⁷

224 Abavyeyi n'Abana

a. Ubuvyeyi butangwa n'imana.¹⁹⁸ Ivyanditswe vyera biravuga kubuvyeyi n'ingene bikorwa Abavyeyi bategerezwa kwiyegereza imana kugira ngo baronke ubwenge n'inkomezi zo kurera abana babo.¹⁹⁹

b. Ico bibiliya ivuga: "Bana, mwumvire abavyeyi banyu mu Mana,"²⁰⁰ kandi kurrurwo rupapuro nyene hari uburorero bwinshi bwigisha ingene abana bokwigenza imbere y'abavyeyi. Kumvira bijana no kwubaha, kugamburuka, no gukunda abavyeyi. Kuruhande rwabo,abavyeyi bategerezwa gutahura ibibazo vy'abana babo n'ivyo bakeneye kugirango bavugane ubwisanzure mu rugo.²⁰¹

c. Abavyeyi nibo bigisha abana babo ivyerekeye mpwemu yera,ivyumubiri ,ndetse bakangisha gufata ingingo abana babo. Mu Kumenya ko abana babo bahura n'ibigeragzeo bivuye impande zose, cane cane mu mashuri, Abavyeyi b'abakristu bategerezwa gufasha abana babo mu gutahura neza ibijanye n'ukwizera mbere bakababwira ico bokora iyo

bashikiwe n'ivyo. Abavyayi bategerezwa,kuva mu ntango, kuraba ko abana babo bamenye nk'umwami n'umukiza wabo . Izi mpungenge zica zituma basenga barikumwe n'abana babo mbere bakanabasengera,bakagerageza kwubaka icuka ciza mu mana ,bakabahamagarira kuja gusenga n'ibindi bikorwa vya gikristu ,mbere bakanabaha inyigisho za gikristu mu miryango yabo ²⁰²

230 UBIKORWA RUKRISTU

231 Ibikorwa vya bose

a. Abagenzi b'abavugabutumwa barizera ko Imana iha urusengero abagabo n'abagore kugira babe abakozi b'Ubutumwa bwiza. Mu kwubaka urusengero ,mpwemu yera abaha impano zo kuragira no kuvuga ubutumwa.²⁰³ ubu buvuga butumwa bugaragarira mukuvugira ubutumwa ahaboneka. Kuko haba hariho abafise ubundi bushobozi mu gutwara canke batahura cane ivyanditswe vyera , umuntu gukorera imana akavuga ubutumwa bwiza ni umuhamagaro ukomeye. Ko babironse kubuntu,izi mpano n'umuhamagaro vyari bikwiye gutwangwa ku buntu mu gukorera Imana n'urusengero.

232 Abitangiramana

Abagenzi b'abavugabutumwa baremeza ko hategerezwa kuba abitangiramana ahantu hose.²⁰⁴ ariko ibi bice bine nivyo bikuru cane cane:

i. Umunsi w'imana Mu guhimbaza izuka ry'umwami wacu ku munsi wa mbere w'indwi ,²⁰⁵ kuw'imana,niwo washizweho n'abakristu bambere kugira ngo ube umunsi wogusenga n'ukuruhuka iyindi mirimo. Abagenzi b'abavugabutumwa barubaha cane uyu munsi nkuko biri mu mabwirizwa: "Ibuka umunsi w'isabato, uze wame uwugira uwahezagiwe."²⁰⁶ Abagenzi b'abavugabutumwa bategerezwa gukoresha umunsi w'imana neza mugusenga no gushima hanyuma bakaruhurira umutwe n'umubiri. kuruwo munsi ,Abagenzi bategerezwa kwirinda gukora akazi canke urudandazwa,kuja gusuma ,canke gukora ibindi vyose bidakenewe.²⁰⁷

ii. ibigira cumi: Gutanga ivyicumi muvuyo imana yaduhaye vyatanguye mw'isezerano rya kera ²⁰⁸ inyuma yaho yesu kristo yaremeje itangwa ry'ikigira cumi ,abagenzi b'abavugabutumwa nabo baremeza itangwa ryaco kandi bakabona ko ari uburyo bwo gufasha urusengero kubaho.²⁰⁹ Ariko abakristu barashobora kurenza ivyo vyicumi bivanye ko baba bashikaniye imana. Nkuko ubu buryo bwo gutanga bukurikizwa, nta bundi buryo bwemewe bwo kwegeranya amafaranga.

1. Ko Bibiliya mu mabwirizwa²¹⁰ no mubikorwa ²¹¹ yerekana ko aho gutangira ivyicumi n'amashikanwa ari murusengero,n'abagenzi babavugabutumwa bemera ivyo nyene ko ariho yotangirwa
Urusengero narwo rutegerezwa kurondera mpwemu yera mugukoresha ivyo bigira cumi n'ayo mashikanwa mu bikorwa

vy'ubutumwa bwiza.²¹²

iii. Ibisigi/ibijanye n'ibisigi: Abagenzi bategerezwa kwandika ibijanye n'ibisigi nibijanye n'amatungo bagikomeye ivyo bica bituma vyoroha guca imanza kuvyo batunze. Mu gutanga aho bahagaze, abagenzi bategerzwa kwiyumvira kubijanye n'imirimo y'imana nibikorwa vya EFC-ER

iv. Impano: Abagenzi b'abavugabutumwa barizera ko abantu bose bafise ubushobozi kandi bakagira n'impano zivuye kuri mpwemu yera kandi zivuye kumana bokoresha mu butumwa bwiza.²¹³ dutegerezwa kuzikoresha rero kubantu ku murimo w'imana.

233 Gukoresha inyubako z'urusengero. Kubera ko inyubako n'ibindi arivy'urusengero bijanye n'ugukora ubutumwa bwiza, cane cane ko ari ahantu ho gusengera, abagenzi b'abavugabutumwa bemeza kandi basaba ko zikingirwa kandi zikubahwa. Rimwe na rimwe, inyubako z'urusengero zirashobora gukoresha nk'ahabera amanama ariko vyose bitegerezwa kuba bihuye n'ibikorwa vy'imana. akamaro kambere k'inzu zurusengero gategerezwa kuba aribijanye no gusenga Imana, inyigisho zo kwizera, guteza imbere ubuzima rukristo na gukora ibijanye n'urusengero. Turahimiriza Abagenzi b'abavugabutumwa kw'ubaka no kubungabunga inyubako zabo bivanye n'ico zikora, mukwibuka kandi n'ishusho vyotanga ku bagenzi no kurusengero rwa yesu kristo.²¹⁴

234 Ibijaye n'urudandazwa

a. Abagenzi babavugabutumwa bategerezwa guhamagarira imana muvuyo bakora vyose harimwo n'urudandazwa rwabo. Bategerezwa guhamagara Imana bagasenga imbere yuko bakora ikintu icarico cose. Naho twoba tubona tuzoronka inyungu, ntitwokwibagira ko ubutunzi burenze nabwo bwica ubuzima bwa gikristo. Dutegerezwa kuraba rero ivyo dukora kugirango ntitumaramaze agakiza kacu n'urusengero. Abagenzi bategerezwa kuriha amadeni yabo bakanashikana ivyo bemeye. Mu gihe duhomvye, dutegerezwa gukora ibishoboka vyose mpaka dushikanye ivyo twasezeranye²¹⁵

240 IMIGENDERANIRE Y'UMUKRISTU HAGATI YA RETA N'IKIBANO

241 Umukene

a. Umuko mwiza wo gukundana niwe utegerezwa kugaragaza Abagenzi mu gufasha abakene, abatishoboye, abantahonikora bari mukibano cacu. Iyo uburyo bubonetse, ni vyiza ko ibikorwa nkivyo bishimikirwako cane tugafasha, kuko duhamagariwe gukora ivyiza kuri bese, cane cane abo dusangiye ukwemera n'ukwizera.²¹⁶

242 Amashure

a. Abagenzi bategerezwa kurabira hafi ibijanye n'inyigisho z'abana babo n'abana bese bo mukibano. Dutegerezwa kuraba ko hatowe abigisha, abayobozi bakijijwe kugira batange akarorero keza, dutegerezwa n'ukuraba intonde zivyirwa n'ingaruka zavuye kubana bazovyiga.²¹⁷

243 Abatware

a. Abagenzi baremeza ko ubwuzure bushasha busaba abakristu kwubaha indongozi, kandi ko intango y'uburongozi iva ku Mana/mu vvyanditswe vyera. Nico gituma dutegerezwa kwubaha amategeko yose yigihugu kiretse ayaduhamagarira kutubaha Imana. Iyo bibaye ngombwa ko Abagenzi b'abavugabutumwa bacanamwo na reta mukudahuriza kuvyokorwa nkuko vyosabwa na reta, dutegerezwa kubikora turavye ukuri atari kubikora kugira tugararize gusa.²¹⁸

b. Abagenzi b'abavugabutumwa baratora, bifashishije amasengesho²¹⁹ mu gutora abakandida n'ingingo zizana iterambere, hisunzwe cane cane ugukizwa kw'abakandida n'ubuntu bwabo hatagukirikijwe ivya politique.

244 Ingwano n'amahoro

a. Mu myaka 300 yambere abakristu bamaze bagumye begera kure ibikorwa vya gisirikare kuko ari kurenga ku nyigisho za Kristo. Ibi vyahindutse kuva Constatine ahinduye ubukristu nk'idini ryigihugu hanyuma akemeza ko arivyiza kugwana ugwanira igihugu Gishigikiye kristo Kuva ico gihe hagiye haraba ukudahuza kw'abakristu kuvyerekeye gushigikira ingwano.

b. Abagenzi barasubiyemwo ibijanye nuko urusengero rwoshigikira ingwano George Fox yavuze ko "yabayeho kubera ubwo buzima n'inkomezi vyatwaye umwanya w'intambara zose" kandi, hamwe n'abandi bagenzi biwe cumi numwe 1660, batangarije Umwami Charles II ku mugaragaro ngo: "Turahakanye gose intambara zose, no kurwanisha ibigwanisho, kumvo iyo ari yo yose, canke twitwaje ibigwanaisho ivyarivyo vyose; kandi ivyo turabishingiye intahe kwisi yose - ko impweyu ya Kristo, itutwara mu kuri kwose, itazigera idusunikira kurwana, haba ku Bwami bwa Kristo canke kubwami bw'iyi si - kubwivyo, ntidushobora kwongera kwiga ivy'intambara." Dufatiye kuri ibi, Abagenzi benshi barafunzwe, barakubitwa mbere baranicwa hako borenga kuco umutima ubabwira.

c. Ku bijanye n'intambara, canke ibindi vyose, Umukristo agize amadidane kubera ivyanditswe vyo "kwubaha abarongozi"²²⁰ ku ruhande rumwe no kwemeza ku rundi ruhande ko "dutegerezwa kwumvira Imana aho kwumvira abantu."²²¹ Ndetse no mu mubagenzi ibi bituma abantu badahuza kubijanye nugukoresha aya mategeko mubihe nkivyo. Turubaha ingingo z'umuntu afata kugatwe kiwe kandi turakirana urukundo iyo umukristu yanse gukora ibijanye n'igisirikare canke ibindi bijanye n'ukwivuna abansi.

d. Uku kwidagemevywa ntibikwiye gusigurwa nk'uko umengo ntidushigikiye ingwano ko ari mbi mugutorera inyishu ibibazo, kuba abakristu, canke ko ari ibisambura ukwemera kwacu. Twebwe rero nk'urusengero, turashigikiye Abagenzi bakiri bato banka kuja mumu ngwano kuruta kuja mu gisirikare. Dutegerezwa kurondera inyishu mu bundi buryo biciye mu butungane kuri bose kandi turitegye gushigikira amahoro mugihe tubitahura.²²²

245 Indahiro

a. Isezerano rishasha ryigisha ko kubakristo, singombwa urahire kugira uvuge ukuri ahubwo bategerezwa kwama bavuga ukuri.²²³ Kubera ivyo, Abagenzi benshi baranka iyo basabwe kurinda kurahira ngo vyerekane ko bavuze ukuri ahubwo babandanya bemeza ko bariko bavuga ukuri ko kandi bikwiye kuvyeho tugiye kuvuga . Turashima ko reta yatwemereye,nabandi bemera nkatwebwe ,uburenganzira bwo kutarahira.

246 Ubungane bw'abantu

a.Abagenzi b'abavugabutumwa baremeza ko abantu bose bangana imbere y'imana kandi ko bose Imana ibakunda. Abemera bese ,tutaravye iyo bava,ukwo basa,igitsina cabo,uko babayeho,canke inguvu bafise ,baratewe intege yokuza gusenga n'ukuja mu butumwa mu rusengeru rwacu .²²⁴

250 IBIBAZO BIMWE BIMWE VYUBU (in kirundi all its in one sentence up)

a.Abagenzi b'abavugabutumwa baripfuzwa kuvuga ico bibaza kubibazo bimwe bimwe n'ibibazo bibangamiye urusengeru.

251 Agucunga isi n'amatungo yavyo...

a.ishengeru ry'abagenzi rimeze ko Imana yaha ububasha bwose ikiremwa muntu ko kandi yiseye ko bazoba abacunzi beza kudafata neza isi n'ibiyiriko biratandukanye cane n'ivyo imana ishaka²²⁵

252 Gukorora inda

a.Isengeru ry'abagenzi ryemeza ko ubuzima bwose butangwa n'imana Dutegerezwa kwemeza kwemeza no kubungabunga ubweranda bw'ubuzima bw'abantu kuva gusama kugeza ku rupfu , ivyo navyo, biratandukanye n'ugukorora inda. Dutegerezwa gukora ibishoboka vyose kugira ngo uvyeyi abeho n'umwana abeho.²²⁶

b.Dutegetse ko Abakristu bacu bese bigishwa kubijanye n'ugukorora inda kugira nabo bafashe mu kubungabunga ubuzima. Turateye intege abavuga butumwa mu kwitanga bakanafasha gutunga abo bana,gufasha abagore bari mu kuvyara,gufasha abamaze gukorora inda-n'imiryango yabo,mbere no kubafasha mubijanye n'amategeko ajanye n'ugukingira abana bataravuka.

253 Kwica umuntu Abisavye

a. Turemeza ko ivyanditswe bivugako tuguma turi abana b'Imana,²²⁷ nico gituma tutigaba ahubwo tugabwa n'Imana. Imana niyo itanga kandi ikaka ubuzima.²²⁸Isengeru ry'abagenzi ryemeza ko kwica umuntu naho yoba abishakako uba urenze amategeko yo Kuvayo 20:13

kandi korero itavyemera nk'umuti wo gukiza ububabare. Dusaba umuntu wese asabwa ko yokwicwa ahubwo kurondera Imana ²²⁹kandi ko yorondera umuganga mwiza canke pasitori kugira amuhanure neza.

254 Abahuza ibitsina babisangiye

a. Urusengero rw'Abagenzi ruremeza ko umuntu wese yaremwe n'Imana kandi ategerezwa gufatwa neza ,mu rukundo hatarabwe abahuza ibitsina babisangiye. Turemeza kuvyanditswe vyera vy'aba orthodox hamwe n'abakristu vyigisha ko ukuryamana kw'abasangiye ibitsina ari igicumuro kandi bitandukanye n'ijambo ry'imana.²³⁰

b. Turizera ko ubuntu bw'Imana butanga imbabazi ku vyaha²³¹ kandi igafasha kutagwa mucaha.²³² nico gituma dushaka guteza imbere ibidukikije mu rugendo rwacu bihuye n'ivyo twiyemeje²³³ muri mpwemu y'ibwirizwa rikuru.²³⁴

255 Amashusho y'ibiterasoni

a. Kuberako amashusho y'ibiterasoni akwiragiza ibikorwa bitemerwa n'imana mbere agatuma abayaraba bakora ivyaha vy'ugusambana,²³⁵ Urusengero rw'abagenzi turahamagarira abakristu kwirinda amashusho nkayo.²³⁶

b. Kubera ivyo dutegerezwa nkaba kristu,²³⁷ kandi uravye ingaruka mbi amashusho y'ibiterasoni atera ku bantu , ku miryango, ndetse no mu kibano cacu, Abagenzi barahamagarirwe kw'iyamiriza abakora n'abakwiragiza ayo mashusho y'ibiterasoni aho babayen, ndetse no kurwego rwintara mbere n'urwego rw'igihugu²³⁸

256 imigwi y'abahakanyi

a. Ishengero ry'abagenzi riratahura ko Satani ari mubi mu mico n'imigambi yiwe, kandi kugira ngo abishikeko ashaka kubuza abantu uburambe kuri Yesu Kristo n'isengero ryiwe.²³⁹ Satani aratsinda iyo abantu bahisemwo gukurikiza inyigisho z'ibinyoma z'amadini canke amadini adashigikiye Bibiliya.

b. Turizera kandi turemeza ukuri kuvugwa ku mana nzima kwavuye mukwutwiyerekwa kwayo. Inkomoko yambere yaya makuru ni Ivyanditswe vyanditswe, Bibiliya. Kubera ko Imana yimenyekanyishije, natwe turashobora kugira ico tumenya kuri Yo. Imigwi y'abahakanyi ni imigwi mike - canke myinshi - ivuga ko bafise ubumenyi burenze canke butandukanye nivyo Imana yaduhaye (nk'Ivyabona vya Yehova, Abamoromo, n'abigira abashakashatsi ba Kristo) Ikindi n'uko bavuga ibintu bitesha agaciro umuntu mbere bikanagabanya ivyo yesu yakoze bihuye nivyo imana yerekanye muri we. "Kuberako muri Kristo ubwuzure bwose bw'imana buba mu mubiri, kandi muri Kristo wazanywe mu vyuzuye. Niwe murongozi w'inkomezi zose n'ububasha. "²⁴⁰ Na none, Data aravuga ati:" Uyu ni Umwana wanje, nkunda, anshika ku mutima. Nimumwumvirize!"²⁴¹

c. Turizera kandi ko kugera ku Mana vyose bica muri Yesu Kristo²⁴² na Mpwemu Yera, ²⁴³ gutyo rero ko gukoresha abapfumu, aberekwa, abarizi, abaragurisha inyenyeri, n'ubundi buryo ubwo aribwo bwose buvugwa mu bumenyi budasanzwe canke ubufasha bunyuranye nivyo Imana ishaka. ²⁴⁴

d. Dukurikije kazinduzi ya Beacon y'ibijanye n'Ijambo ry'Imana ²⁴⁵, hari ibintu bitanu bikuru Ibiranga ugusenga:

i. Gutesha agaciro Yesu (urup. 100-123)

ii. Inkomoko y'ubuyobozi iva ku vyanditswe(p. 130-133)

iii. Guhakana kutarokorwa n'ubuntu bwonyene(p. 170-176)

iv. Umugwi ni umuryango ugizwe nabakijijwe gusa(p. 180-183)

v. Uwo mugwi usaba ukwitanga gukwiye kw'abanyarusengero.(p 194)

e. Amateka y'Ishengero yerekana kico kibazo atari gishasha. Inama zambere z'ishengero zarakemuye ububisha butandukanye. Inama ya mbere y'urushengero yabereye i Yerusalemu icegeranyo civyavuyemwo tugisanga mu Vyakozwe n'intumwa 15. Izindi nama z'ishengero²⁴⁶ zabaye mu myaka yakurikiye kugira ngo zikemure inyigisho rusangi z'Ishengero rya Gikristo, harimo n'inama ya Trent hagati mu kinjana ca cumi na gatandatu yakemuye urutonde rw'inyandiko zigize na Bibiliya.

f. Twizera ko inyishu nziza mu buryo bwo gutandukanya imigwi y'abahakanyi ari ukuvuga ubutumwa neza no kwigisha Ivyanditswe, aho guteranya gusa canke kwigisha kurwanya uyundi mugwi. Uko nukuri kubera ubwinshi bw'igihugu cacu Inyishu yacu nziza iri mu guha abantu "ubutumwa bwiza bwa Kristo, kuko ari ububasha bw'Imana mu gakiza." ²⁴⁷ Abafatiwe mu mutego w'umugwi w'abahakanyi barashobora kurekurwa bakabohorwa n'ububasha Mpwemu yera.

257 Ubudasa bw'inyigisho n'abandi bakristo

.a. Ishengero ry'abagenzi rifise ubucuti bukiye hamwe n'ayandi masengero y'abakristo rigatandukana nabo muburyo bukurikira:

i. Umutekano w'abizera: Ishengero ry'abagenzi ririzera ko umutekano w'uwemera, ndetse n'iteka ryose, ubonekera mu Ijambo ry'Imana kandi ugahamwa na Mpwemu Yera ku muntu, ariko uwo mutekano suwo ku buntu. Kuko ukwihana no kwizera arivyo abantu basabwa kugirango baronke agakiza k'Imana kubuntu, niko ukwizera kwerekanwa no kwubaha bikenewe kugirango tubandanye muri ako gakiza.²⁴⁸

ii. Ugukira: Ishengero ry'abagenzi rirempera ko gukizwa ari ibikorwa vy'ubuntu

bw'Imana bitangwa na Yesu Kristo Turemera kandi ko nkuko vyamvye nambere,n'ubu yumva kandi Akishura amasengesho y'ugukira mu buryo butandukanye nka: (1) Ashobora gutabara mu buryo bw'igitangaza, burengeye ubuvuzi; (2) Ashobora gukiza aciyeye mu bumenyi bwahawe abaganga, ni vyiza kumenya ko Umuremyi wacu Imana yonyene ariwe muganga mukuru; canke (3) Azokiza ubuzima budahera abababaye muri ubu buzima babandaniye kwizera amasengesho no kuruhukira mu bikorwa vya Kristo, yijewe n'amajambo amwe Pawulo yakiriye, "Ubuntu bwanje burahagije kuri wewe, kuko ububasha bwanje bukora mu ntege nke. "²⁴⁹ Impongano y'Imana mu Mwana wayo iratwizeza ko tuzobabarirwa ivyaha; ²⁵⁰ Ntibitwizeza gusa ugukira kw'umubiri . Ugukizwa tubifashe muri ubwo buryo bituma tudashira mu mutwe ko Imana itegezwa gukiza abo bese twasengeye ikatuma tutiyagiriza kurabo bitashobotse ko bakira. Ariko twogumana ukwizera,dusengera abagwayi twishimikije akarorero ko muri James 5:14-16,twizera Imana yacu ko ibandanya kuba nakurya yagiye kw'isi gukiza mu mpwemu,mu migenzo no mubwenge no ku mubiri.²⁵¹

iii. Kuvugishwa (kuvuga mu ndimi): Mu gihe hari ubudasa bwo gusobanura mu bagize ivyanditswe bivuga glossolalia,nkuko biri no mu bandi bakristo,haba mukumenya ko izo ndimi zishimikije amajambo nyayo canke imvugo ishimishije, ndetse no kumenya nimba iyi ari ingabire yemewe mu igihe cacu, twemeranije ariko ingingo zikurikira:

1. Ubushake kw'Imana nkuko biri mu vyanditswe n'ukugira imico myiza nko mu buzima bweranda. Ivyakozwe vyose muri mpwemu,ingabirano nivyamwa vya mpwemu niuburyo bwogushika ku ntumbero.²⁵²
2. "Kuvuga mu ndimi" sico kimenyetso cerekana ubwuzure canke umubatizo wa Mpwemu.²⁵³
3. "Kuvuga mu ndimi" ntiyoba intandaro yamacakubiri canke ukutumvikna muri twebwe.²⁵⁴
4. Kugira tugumane ubumwe naho dutandukanye,dutegezwa kwubahana. Dutegezwa kuba twiteguye gutanga umwidge mvyo kugira twirinde gutitaza abo Kristo yapfirirye,kuko umuvuga butumwa Paulo yabitweretse mu I Ab'ikorinto 8. UbuTwemeranije amasengero yacu yose ko kuruhande rumwe tutazobuza gukoresha indimi mu kwitanga , ariko ko kurundi ruhande tuzoreka gukoresha indimi mubikorwa rusangi.
5. Turindiriye kurongorwa na Mpwemu ubwiye kandi mu rukundo dukundana ca gihe tuyobowe na We dushobora kuvugira hamwe kuriyo ngingo.

300 ISHENGERO RYA EFC-ER

301 Intumbero y'ishengero

- a. Ibikorwa vya mbere vy'ishengero ryaho ziva mu buyobozi bukuru bwa Yesu²⁵⁵ kandi bishingiye ku ngingo zine:
 - i. Ugutezimbere ubuyobozi bwa bibiliya
 - ii. Kugwiza abigishwa
 - iii. Umushinguzi atunganiije
 - iv. Ubuzima bw'urusengero
- b. Tudafatiye ku bunini, buri shengero ryose ritegezwa kuba rifise ivyo bice vy'ibikorwa

302 Gutezimbere ishengero

- a. Ishengero ririko riratera imbere n'umugwi wabantu baja hamwe kenshi mu masengesho bagenda bubahiriza ibisabwa nishengero.

303 Urusengero

- a. Urusengero ni umugwi w'abantu bafise ico bahuriyeko mu kwemera EFC-ER ikorera hamwe kugira bagire icobahindura mukibano.
- b. Isengero rirashobora gusaba umugwi ubijejwe ibisabwa vyose lyo:
 - i. bisangiye inyigisho na EFC-ER nkuko bibonekera mu gitabo kijanye n'ivyo kwizera;²⁵⁶
 - ii. Ubutunzi bwaryo bwifashe neza kandi bwigenga;
 - iii. Ubuyobozi ikoresha bushingiye ku kwizera no mu bikorwa;²⁵⁷
 - iv. yiyemeje kwigisha bibiliya
 - v. iriko irakora ubutumwa bukuru mu kugwiza abigishwa n'amasengero;
 - vi. Iriko ikorera ku butumwa, indoto, n'agaciro vyaa EFC-ER.²⁵⁸

304 Isengero ririko rirasubira inyuma

a. Iyo isengero rihungabanye kugeza aho rishobora kwugarwa, umurwi w'ubuzima bw'isengero niwo ucubikurikirana kugirango utore inyishu yuko vyogenda. Umurwi w'ubuzima bw'isengero ubajije n'abanyeshengero basigaye,ushobora kwiga gusubira gushinga iryo sengero,murico gihe isengero baca barishira mu minwe yumugwi w'igwiza ry'ishengero Umugwi w'ubuzima bw'isengero urashobora gusanga bibaye ngombwa kwugara iryo sengero. Bamaze kwugara,ubutunzi bw'isengero buzokurikiranwa n'umugwi ujejwe ivy'ubutunzi hamwe n'abayobozi. Ico gikorwa kica kimenyeshwa intumwa hasubiye kuba inama ngarukamwaka.

305 Isengero mu bibazo

a. Isengero rirashobora guhura n'ibibazo bivuye ku mpamvu zitandukanye. Murizo,ugutakaza canke ukugenda gihutihuti kw'umu pasitori mukuru,imigenzo mibi muvy'inyigisho n'imico,gupfa ubutegetsu hamwe n'ubutunzi butifashe neza. Ikimenyetso ca mbere c'ibibazo kikiboneka,Umyobozi mukuru canke uwundi abakurira arabimenyeshaa umuyobozi w'ubuzima bw'isengero Ico cyumviro kirashobora kandi gutanguzwa numyobozi w'ubuzima bw'isengero

b. Mu gihe ibikorwa vyose vyisengero bibangamiwe,umurwi ujejwe ubuzima bw'isengero urarabira hamwe ikibazo uko kimeze kugira ushikeko ku nyishu ishimishije Mu gihe bidashobotse ko EFC-ER nisengero ryaho ko bihuza,isengero ryo ngaho riravugana numuyobzi w'ubuzima bw'isengeroku ngingo zofatwa

c. Intumbero y'umurwi ujejwe ubuzima bw'isengero murico gihe niyo gutorera inyishu ivyo bibazo,guhura abantu no gusubiza ubuzima isengero. iyo ata ntambwe bateye muvvy'ubuzima bw'isengero,umurwi ujejwe ubuzim bw'isengero uca wiyoborera iryo sengero Murico gihe,iryo sengero rica rishikiriza vyihutirwa ubuyobozi bw'inama zose umurwi ujejwe ubuzima bw'isengero,ninyandiko zose uwo murwi ushobora gukenera Umurwi w'ubuzima bw'isengero niwo uzomenyeshya ryari isengero ryosubira gukora uko ryahora.

310 INDINGANIZO Y'ISENGERO RYAHO

a. N'ubwo ubwaguke bw'amasengero buhinduka,isengero yose itegezwa kwemeza ko ibice bine

vy'ibikorwa ibitanga:

- i. Ugutezimbere ubuyobozi bwa bibiliya
- ii. Kugwiza abigishwa
- iii. Umushinguzi atunganiije

iv. Ubuzima bw'urusengero

b. Isengero yose itegezwa kwandika mu buryo buramvuye n'ukugumana indinganizo yerekana ivyitegekanya ku gikorwa kimwe kimwe murivyo Uturorero tw'indinganizo turiho mu murwi w'ubuzima bw'isengero Mu gihe isengero ryose rifise kugira indinganizo yisangije,iyo ndinganizo itegezwa kwigwa ikanemezwa n'inama y'iryo sengero imbere yo gushirwa mu ngiro,n'igipapuro c'iyi ndinganizo cemejwe kigatangwa kumurwi w'ubuzima bw'isengero

c. Uko isengero igenda iterimbere,nindinganizo irahinduka yerekana ubudasa bw'umuryango,ibikenewe mu bikorwa nintererno z'abanyeshengero

311 Indinganizo yambere y'isengero

a. Indinganizo yose y'isengero itegzwa kugira:

i. Inama y'abakurambere igizwe na batatu babye bake,umwe muribo ni umuyobozi mukuru,ajejwe kuraba ishigwa mu ngiro rya vya bice bine vy'ibikorwa;²⁵⁹

ii. Itorwa ry'abayobozi n'abakuru b'isengero,gucagura nabandi bayobozi ²⁶⁰be n'iyindi mirwi,n'ukwemeza abahagarariye isengero.

iii. Ibijanye n'abakuru n'abayobozi

iv. Insiguro yanditse y'akazi k'abakuru n'abayobozi b'ibikorwa

v. Ugutegekanya inama zisanzwe n'Amanama adasanzwe;²⁶¹

vi. Uburyo bwogushikiriza ivyiyumviro bishasha mu nama, imikenyuro,integuro n'ubutunzi butegekanwa.

vii. Uburyo bwo gushimangizaa amanama,ibiva mu nama,amategeko,n'ibindibiyobora isengero.

viii. Uburyo bw'ugushira mu ngiro ibikenewe,indinganizo nuburyo bwemejwe mu nama

ix. uburyo bwo gukomeza integuro nziza,ubumwe n'ugukomera mu kwizera no gukora neza ibikorwa vy'isengero;

x. uburyo bwo guhanahana ijambo mu nama no kuvuga kuvyerekeye ibikorwa vy'ubuyobozi;

xi. Ingene bakira canke bakuramwo abanyarusengero

- b. Abayobozi b'isengero bazoza bari mu banyarushengero Urutonde rw' abayobozi ruzoba rurimwo:
- i. Umwitsi(uwurongoye inama,umuyobozi mukuru,canke ikindi),ariko ararongora inama y'urusengero aba ari umuyobozi mukuru bivanye nivyo ariko arakora.
 - ii. umuyobozi w'ivyubutunzi(adakora nk'umushinguzi),yanduza mashikanwaategerezwa kwerekana uburyo bo kubika neza mwibanga ayo mafaranga,akanayaharura barikumwe n'abandi atari umuryango wiwe Uwujewe ubutunzi niwe atwara ayo mafaranga muri banki akanakurkirana ibindi biharuo bijanye n'amafaranga,acashiraho nimpapuro zerekana ukwo amafaranga yakoze.
 - iii. Umubitsi(arashobora kuba atari umunyamabanga ajejwe ubutunzi),abika amafaranga kandi akanaraba ko ibi na birya vyarishwenakorana n'ubuyobozi bukuru bw'urusengero n'abandi bakozi bo mu runsegero iyo bikenewe Umubitsi abajewe kandi gukorana n'abayobosi bashinzwe ivy'ubutunzi murusengero. Umubitsi ategerzwa kubazi kandi amategeko ajanye n'amakori cane cane kubijanye n'urusengero Ivyegeranyo vyose bitegerezwa kuba bihari buri mwaka kugirango abirabwe binasuzumwe iyo bikenewe.
 - iv. inama y'inararibonye ,iserukira urusengero niyo iba ifise uburenganzira bwo gushira umukono kumpapuro nkuko biba vyaremejwe mu nama nk'uru y'urusengero murivyo harimwo ingurane,ivyemezo vy'ubutunzi ,canke ibindi bipapuro bisab amategeko. Kira rusengero ruba rufise n'imiburiruburi abantu batatu binararibonye,babizigirwa
 - v. abayobozi bakuru, nibi bakuru bivanye n'amabanga bajewe.²⁶²

312 kwinjira mu rusengero

- a. iyo umuntu yaronse agakiza muri kristu ,aba abaye kumwe n'umubiri wa kristu.²⁶³kubera ko abantu banywanye muri kristu n'abandi bose bategerezwa kubigenza uko mukwinjira mubagize urusengero. kuba umunyarusengero ni umuhamagaro wo kwemera kuba mu bemera kumugaragaro. kuberivyo,kuba umunyarusengero ni isezerano. Kuba abanyarusengero n'inzira y'ubwenge kandi ifasha kubantu bifuzza kugenda bubaha Imana kuko ni uburyo bwo kuvuga ubutumwa bwiza bwa Kristo.²⁶⁴
- b. ibisabwa kugira ubu munyarusengero
 - i. kugira ube umunyarusengero wa EFC-ER bisaba ko wemeza ko yesukristu ari umwami n'umukiza.²⁶⁵
 - ii. Urusengero nirwo rutanga inzira zicamwo kugira uumuntu abe

umunyarusengero, hazoba harimwo kwuzuzwa urupapuro rwo gusaba kuba umunyarusengero urwo rusengero rurashobora kuba ivyerekeye imyaka canke rukabaza vyerekana ko uwo muntu asoma ijamba ry'imana

iii. abanyarusengero bose baba ari abanyarusengero ba EFC-ER Arikokandi, kira rusengero rutegerezwa gutanga inyigisho kubanyarusengero bashasha bakabaisgisha:

1. umubano wabo na EFC-ER
2. kahise k'urusengero rw'abagenzi b'abavugabutumwa
3. inyigisho z'abagenzi
4. intumbero, imigambi n'ibiranga urusengero
5. ingene urusengero rutunganijwe

c. Amasezerano yo kuba umunyarusengero

i. Abanyarusengero bose ba EFC-ER batagerewe kugira umubano mwiza.

ii. Abanyarusengero ba EFC-ER abana neza n'urusengero
Uku gukurikira:

1. mu kwerekana ko bahindutse kandi bakijijwe bafatiye kw'ijamba ry'imana kandi mu kwemera mpwemu yera yababariye ivyaha ivyacu no kwiyemeza kuba kuba umwigishwa wa gikristo;²⁶⁶
2. kandi akabandanya arondera gukura muri mpwemu akoresheje ivyanditswe vyera;²⁶⁷
3. Kuja mubikorwa vy'urusengero kandi akemera gukora ibikorwa vy'urusengero;²⁶⁸
4. Agaha amafaranga urusengero aba akenewe mubikorwa vy'urushengero²⁶⁹
5. kwumva no kw'ubahiriza impanuro z'abarongozi b'urusengero;²⁷⁰
6. bakimenyereza ibikorwa vy'agakiza bifasha uko urusengero ruhagaze.²⁷¹

iii. Umubano hagati y'urusengero n'abanyarusengero rutegerezwa kuba

rushingiye kuvyanditswe muri Bibiliya, ²⁷²kugira habe umubano mwiza:

1. abanyarusengero batagereza gushira inguvu kugira hagume umubano mwiza
hagati yabo n'abandi banyarusengero.²⁷³
2. iyo umunyarusengero yakoze amakosa canke agashwana n'uwundi munyarusengero ,canke aka abayeho muvyaha bitandukanye n'ijambo ryimana ,uwo mukirstu ahanurw amubwitonzi no muburwaneza
3. ukunywanisha banyarusengero bitegerzwa kwama arivyo biza imbere,ivyo bapfa barashobora kubizana imbere y'abayobozibakuru b'urusengero nabo bakaca bahanura bashwanye ko bitora umuntu hakoreshejwe ivyanditwe muri bibiliya bikenewe mbere bakabadadanura.²⁷⁴
4. iyo habaye ibibazo bikanka ko abayobozi bakuru babitorera umuti,baca bahamagara uwujwe ubuzima bw'urusengero kugirango atange impanuro
5. kunywa bitegerzwa gushirwa imbere ariko iyo ngeso ibandanije abantu bikanka ko bahanurwa bagasha gutera ibibazo bishimikije izina rya yesu,
urusengero canke abayobozi bakuru barashobora guhitamwo kwirukana abo banyarusengero.²⁷⁵

d. Amasezerano y'urusengero

i. Urusengero rwa EFC-ER rugira amasezerano n'abanywanyi barwo uku gukurikira:

1. Kubafasha muvyo gusenga no muvyo gukura muri mpwemu;²⁷⁶
2. mukubafasha kumenya ingabirano zabo,
kubafasha gushira izi ngabirano mu bikorwa;²⁷⁷
3. Kubigisha ivyubutumwa kugirango
Bakure muri kristu²⁷⁸
4. Mu gutanga impanuro iyo abanyarusengero
bariko bafata minenerwe ivyo bahamagariwe nk'abakristu²⁷⁹
5. Kwakira no kubaha ivyiyumviro vy'abanyarusengero;²⁸⁰
6. Mu kwitaho abanyarusengero muvyimpwemu²⁸¹

e. kwimura abanyarusengero

i. Iyo hari umu kristu ashaka kwimukira murundi rushengero rwakandi karerere ,ahavuye baca batanga ikete rivuye kwa pasitori mukuru

ii. Kira rusengero rrashobora kuronka amakete yo kwimuka avuye muyandi ma senegero EFC-ER mugihe abanyerusengero bazwi neza bagakora neza ibikorwa vyabo. Abo bakristu baca baronka uburenganzira bwose nkuko vyahora iyo bavuye

f. Urutonde rw'abanyarusengero

i. Kira rusengero rutegerezwa kuba rufise ahanditswe abakristu bose ruba rufise ico gihe. Abakristu badakurikiza ivyurusengero,batagitonda,canke bahevyeye kuza barashobora kuca bakurwa kururwo rutonde bivanye ningene urwo rusengero rubitegura.

313 Inama z'abanyarusengero

a. inama z'abanyarusengero ni abanyarusengero baba bahuriye hamwe. kuberaz ivyo ntawundi muntu abafise ububasha ngaho yaba umugwi,canke uwundi muyobozi kiretse abarongoye urusengero rwaho nyene.

b. Kira rusengero rw'akarere rutegerezwa gutegura inama y'abanyarusengero n'imiburiburi rimwe mu mwaka Urusengero rurashobora guhitamwo ko boza barabonana kenshi. Inama zikomeye zirashobora gukorana umwanya uwariwo wose harimwo n'abayobozi ,ariko yabanjwe gutangazwa n'imiburiri buri indwi imbere y"uko iba. iyo habaye ikibazo gikenera inama yihuta itarinda gusaba kuyitangaza hakiri kare ,abayobozi bakuru bategerezwa kuca bakoresha inguvu zose bakayibwira abanyarusengero.

c. imvo z'inama yabanyarusengero ni :

i. gushikiriza ivyaranguwe mu bice bitandukanye vy'ibikorwa vy'urusengero n'ivyo bari bashinzwe

ii. Kugira bemeza inama nyobozi;²⁸²

iii. Kugira bemeza icegernayo c'amafaranga;²⁸³

iv. kugirango bashireho ingingo zurusengero z'ijanye n'ukwizera n'ibikorwa vy'agakiza;

v. mu gutora pasitori mukuru;²⁸⁴

vi. kugira bemeze ibijanyye no kwubaka no gusaba amadeni;

vii. kugira basenge imana ibazigame kandi ibarongore murusengero

d. Inama z'urushengero zirongorwa n'umwitsa.²⁸⁵urudandazwa rukorwa nko kurondera kwuzuzwa ibikorwa imana ishaka. mu kurindira ko mpwemu yera yibonekeza,abanyarusengero bategerezwa gukora ibintu vyose mu mwumvikano. ibikorwa bitegerezwa gukorwa hakoreshejwe ishusho nkiyinama nshingamateka bibaye ngombwa amatora aremewe mugihe umwitsa/uwurongoye inama yaravye neza "uko inama iriko iragenda." iyo habuze ukwumvikana kukintu,umwitsa/uwurongoye inamaa arashobora guhitamwo ukundi vyogenda

e. ibintu bikoemeye vyigwa mu nama y'urusengero bitegerezwa kubanzwa bigahabwa abayobozi bakuru imbere y'inama Haje ibitari vyateguwe baca babiha uwuriko ararongora inama maze nawe akamenya icokorwa.

f. gutora mu nama y'urusengero biraba abantu baje gusa
kandi ni kubanyarusengero barenza imyaka cumi na munani gusa

g. Gutukana turi munama y'urusengero birabujijwe
kandi bitegerezwa gutorerwa inyishu dukoresheje Matayo 18:15-17.

320 IBIJANYE NO GUHARURA AMAFARANGA NO GUSHINGURA/KUBIKA MU

URUSENGERO RW'AKARERE

a. ibijanye n'uguharura n'ugukorera urusengero bitegerezwa kuba bidatandukanye n'intumbero n'ibiranga urusengero.

321 Gutegura ibijanye n'amafaranga

a. Abatowe kuba abashinguzi²⁸⁶Bategerezwa gukorana n'umushinguzi mukuru:

i. Mukwakira n'ukwegeranya amafaranga yavuye ahatandukanye;

ii. mugutanga uburyo bukenewe mugikorwa vy'urusengero bitandukanye bakanategurwa ukwo akoreshwa;

iii. baca baha ivyegeranyo abayobozi bakuru icegeranyo kidatandukanye n'imigambi n'imigabo y'urusengero.

b. Abayobozi bakuru nibo baraba bakanahaiza ico cegeranyo c'ukwo amafaranga azokora kugira bazocerekane munama y'urusengero. Ico cegeranyo kica gitangwa mu nama y'urusengero kugira kirabwe kandi cemezwe ico cegeranyoc'uko amafaranga akora gitegerezwa kuba gihuye n'imigambi y'urusengero

322 ibigenga abatora amashikanwa

a. Abashinguzi batagerezwa kwerekana ibikorwa vyabo kumugaragararo kubijanye n'amafaranga yose y'urusengero muribi harimwo:

- i. Guha umubitsi mukuru kuriha ibikenewe vyose nk'imishahara ,amafaranga yinzu, n'ibindi);
- ii. birasabwa ko abayobozi bemezwa ibizosohoka vyorihwa n'uwujewe ubutunzi
- iii. gutegura ikoreshwa ry'amafaranga yashizweho;
- iv. Gutegura ibijanye n'amashikanwa adasanze,
- v. Gushiraho imigambi yumvikana n'ikoreshwa ry'amafaranga (isuzuwa ry'uko woyakoresha,gutandukanya ubutunzi,ayasigaye n'ibindi vyose)

b.kwisunga igitabo kivuga ivy'ubutware n'amafaranga kugira hashingwe ingingo zose.

330 URUSENGERO RWO MUKARERE UBURONGOZI

331 Ibisabwa kubarongozi bakuru

a. Ibisabwa : uburongozi murusengero rwakarere ni amahirwe akomeye kandi ni n'amabanga. Kuberako abayobozi baba bafise akazi kenshi n'amabanga akomeye,betegerezwa kuba bafise ibisabwa vyose mumubiri no muri mpwemu ²⁸⁷ kugirango bakore neza murayo mabanga. Ariko kandi ,abayobozi bose kugira bakore icarico cose murusengero rw'akarere barimwo bategereza kuba bakwije ibi bikurikira:

- i. Bategerezwa kuba basengera kandi bahagaze neza mururwo rusengero;
- ii. Bategerezwa kuba yubashwe cane n'inzego zose z'urusengero kandi bamuzi nk'umuntu witungane kandi akora cane;
- iii. Bategerezwa kuba ari abantu bakunda Yesu Kristo ,kandi bakavyerekana mungo zabo,murusengero no kwisi yose
- iv. Bategerezwa kuba arabantu berekana umutima²⁸⁸n'ubwitonzi muvyo bakora vyose;
- v. Bategerezwa kuba ari abantu b'itwari ,berekanye ko ari abatumwa beza kandi bakerekana ko ari abanyamabanga beza

- vi. Bategerezwa kuba ari abantu bazi kandi bakunda ijamba ry'imana mukwigisha no kubigendera;
- vii. Bategerezwa kuba abantu barabira ibintu ahagati na hagati
- viii. Bategerezwa kuba abantu bashobora gukorana n'abapasitori ,abakozi burushengero ,n'abandi bayobozi n'abanyarushengero;
- ix. bategerezwa kuba ari abantu berekana ko bakorera abandi.

b. Ibibitezweko-abayobozi bakuru bose bashaka gukorera murusengero rw'akarere kabo bategerezwa

kuba akarorero keza nico gituma bategerezwa :

- i. kuba bari mubikorwa vyose vy'urusengero harimwo n'ibiba mundwi hagati nk'amakoraniro yo mundwi;
- ii. bakavyitegurira mukuja mumanama y'urusengero;
- iii. bagakuza ukwizera kwabo mu kwama basenga;
- iv. bakama batanga cane ibigira cumi n'amashikanwa kugira bateze imbere urusengero rwabo;
- v. bategerezwa kubandanya imigenderanire myiza n'abavugabutumwa;
- vi. Batagerezwa kuba bazi kuyaga,kuko nibo kiraro hagati ya pasitori mukuru n'urusengero;
- vii. batagerezwa kuba arabantu bashobora gutorera umuti ibibazo abejwe;
- viii. batagerezwa kwigira kure ibijanye n'ubucuruzi vyohaba bizana ibibazo.

340 PASITORI MUKURU

- a. Pasitori mukuru atorwa n'urusengero kandi ategerezwa gukorana n'abayobozi bakuru mugutunganya neza imirimo y'isengero.

341 Umuhamagaro w'umupasitori mukuru

- a.umuhamagaro w'ubupasitori ni kwemera ivyimana yategetse;urusengero hamwe na EFC-ER kugira ngo akorere urusengero.

- b. Uko bigende mu gutora pasitori mukuru:
 - i. Umuyobozi acahamagarira uwujewe ubuzima bw'urusengero,nawe akacatanga ingene hotogwa umu pasitori mushasha.
 - ii. Abayobozi bakuru baca bashinga umurwi,ugizwe n'abanyerusengero bizewe,kugira urongore iryo torwa Aba pasitori bakuru ntibarekuriwe kuja muruwo murwi
 - iii. Abitoza bose kuba abapastori bategerezwa kuba bemejwe n'umurwi ujejewe iterambere ry'ubutware
 - iv. Umugwi ujejwe gutora umupasitori baca batanga izina kugira yemezwe n'urusengero
 - v. Haca hatangwa amasezerano ajanye n'ugutora abapasitori
 - vi. Amasezerano yemejwe,umuyobozi mukuru acabwira uwujewe ubuzimwa bw'urusengero.

342 Gusubiramwo amasezerano y'umuhamagaro wa pasitora

- a. Amasezerano asubirwamwo inyuma y'imyaka ibiri atanguye n'iyindi myaka ine ikurikira
- b. ibijanye no kugenzura umurimo wa gipasitori
 - i. umuntu wese ari mu bayobozi bakuru , bararekuriwe gutanga ivyiyumviro kuvyerekeye uko umu pasitori akora
 - ii. Pasitori mukuru nawe arignzura bivanye arabiye ku rusengero rwiwe uko rumeze
Abajejwe ubuzima bw'urusengero
 - iii. Abajejwe ubuzima bw'urusengero barasaba ko urusengero rwobasuzuma kuvyinjiye.
 - iv. Umuyobozi ajejwe ukubaho kw'urusengero azovuga muri make kandi ashikiriza ivyavuye mu Nama Nkuru na pasitori mukuru.
 - v. Iyo hatabaye ukwumvikana hagati y'Ubuyobozi bukuru, pasitori mukuru, hamwe n'umuyobozi w'ubuzima bw'urusengero ku bijanye no gukomeza guhamagarwa kw'abapasitori, Umuyobozi w'ubuzima bw'urusengero arashobora

gusaba isuzumwa ry'urusengero.

vi. Inyuma y'isuzumwa ry'urusengero, Ubuyobozi bukuru, pasitori mukuru, hamwe n'umuyobozi w'ubuzima bw'urusengero barashobora kwemera kubandanya canke guhagarika umu pasitori .

vii. mu gihe batumvikanye , Inama y'urusengero irashobora kuba kugirango ifate ingingo kubijanye n'uwo mu pasitori.

343 kurangiza n'ingoga amasezerano n'umupasitoria. Ubuyobozi bukuru canke umupasitori barashobora kurangiza hakiri kare amasezerano y'umupasiteri bamwe mu kwandikira abandi.

i. iyo ubuyobozi bukuru canke umupasitri bategura guheza amasezerano y'umupasiteri hadakurikijwe igihe gisanzwe co gusuzuma, ukwo guhezwa kwamasezerano bica bikurikierrwanwa n'uwujewe ukubaho kw'urusegero.

ii. Biheje gusuzumwa,ubuyobozi bukuru ,pasitori ,n'umunyamabanga ajejwe ubuzima bw'urusengero barashobora kwemeza ko umupasitori yobandanya canke agahagarikwa

iii. Niba hafashwe ingingo yo guhagarika umupasitori, Ubuyobozi bukuru bwumvikanye n'umuyobozi w'ubuzima bw'urusengero buca bushiraho insiguro hamwe n'iringo ntarengwa co kubisikanya .

344 Ivyo pasitori mukuru ajejwe

Pasitori mukuru

i. ategerezwa kuba umusuku wa yesu kristo akabandanya amenya ,akunda kandi y'ubaha

kristo kuko nibo bahamagarira abandi kubikora.²⁸⁹

ii. ategerezwa kuba azi ijambo ry'imana ,azi gusenga ,kandi arongowe na mpwemu yera;²⁹⁰

iii. niwe ashinga umugambi w'Imana murusengero;

iv. niwe ashiraho ibintu ngenderwako kugirango isngero barimwo ritere imbere;

v. niwe ahamagarira akanigisha abantu kugendera mubutumwa n'ugukurikiza ibisabwa

n'urusengero abayemwo;²⁹¹

vi. niwe wambere yigisha akanavuga ubutumwa bw'Imwana;

vii. niwe ategerezwa guhagararira ubumwe bw'urusengero abayemwo;²⁹²

viii. niwe akurikirana kandi akagenzura ko ivy'ubutumwa bikorwa mu rusengero;²⁹³

ix. niwe abari umuyobozi mukuru

x. niwe abaserukira amatora aba yatunganijwe n'imigwi yose
niwe atunganya urusengero

xi. n'iwe aba ahagarariye kahise ,imigabo n'imigambi ya EFC-ER mu rusengero

xii. niwe aba ahuza EFC-ER n'urusengero asengeramwo

345 aba ari pasitori naho haba ibibazo

a. iyo habaye ibibazo mubuzimwa bwa pasitori , abayobozi canke pasitori baca bavugana n'uwurongoye ibijanye n'iterambere ry'abayobozi kugira ngo batangure kurondera/iperereza kandi bategure ingene ico kibazo cotorerwa inyishu nkuko biri mu gitabo cy'urusengero kijanye n'iterambere ry'abayobozi.

b. Mugihe habaye ibibazo (bijanye n'ubuzima,bijanye n'urugo, bijanye n'umuryango, n'ibindi) mu buzima bwa pasitori, pasiteri cyangwa abayobozi bakuru baca barondera umuyobozi ashinzwe iterambere ry'ubuyobozi kugirango abafashe.

350 IVYO URUSENGERO RUBA RUJEJWE KWA PASITORI

a. Urusengero ruremera imfashanyo n'ihamagarwa ry'abapasitori babo pasitori agira akamaro cane iyo urusengero rumwubaha ,rudehemuka,rufatanye munda kandi rushigiikirana. ni ngombwa ko urusengero rusengera abapasitori barwo.

b. Urusengero rufasha aba pasitori barwo muvuyerekeye amafaranga uku gukurikira:

i. Umushahara: urusengero nirwo ruhita mu umushahara wa pastori. Uburyo bwo kumenya umushahara (harimo amafaranga yo kubamwo) bizozwa birashikirizwa buri mwaka n'umurwi ujejwe imibereho y'urusengero. Amasengero akwiye kwihatira gushigikira abapasitori babo hejuru y'umushahara muto umushahara udatanzwe n'urusengero,pasitora azohabwa uruhusha bwokurondera canke akandi kazi komwinjiriza .

ii. Uburyo bwo kwimuka

iii. Intererano ingana nibice 12% vy'umushahara ushizeko umukozi n'amafaranga y'inzu ,buri kwezi aziganijwe kuri EFC-ER kw'izina rya pasitori

iv. Gutegura kurihira pasitori amafaranga y'ukwivuzwa n'umuryango wiwe

v. kurihira pasitori asiransi y'ubuzima
nkuko bitegurwa na EFC-ER

vi. Kurihwa buri mwaka amafranga aba yakoresheje mu nama ngarukamwaka

vii. gushirirwaho umugambi w'ukwishura wubahiriza amategeko yose n'amatagisi
nkuko biba bigenga urusengero Amafaranga akoreshwa shobora kuba ari:

(a) imodoka ikoresheya mu kwiyounguruzwa;

(b) ingendo za kure y'ahaba, zirimo gutwara ibintu n'abantu, uburaro,
n'ugufungura mu ngendo z'ijoro ;

(c) Kwiyandikisha aha canke hariya , ibitabo, nubuhinga ngurukana
bumenyi ariko bijanye n'ivyisengero;

(d) Amafaranga yo kwidagadura no kwakira abashitsi ariko vyose bijanye
n'ivyisengero.

c. Umupasitori wese ararekuriwe akaruhuko. amasengero atagerezwa gutegurira aba
pastori babo akaruhuko uku gukurikira:

i. Umunsi umwe kundwi w'akaruhuko

ii. akaruhuko ko kumwaka,urusengero akoreramwo nirwo ruriha ibikenewe
pasitori azoryoheregwa akaruhuko akurikije imyaka ikurikira ya EFC-ER

(a) hagati y'imyaka 0-5 akora Indwi 3 z'akaruhuko;

(b) hagati y'imyaka 6 n10 y'akazi : Indwi 4 z'akaruhuko;

(c) Imyaka irenga 11 yakazi: Indwi 4 canke zirenga zakaruhuko

iii. Umwanya wo kugenda hanze y'urusengero ugera kundwi 2 kumwaka(akarorero ingendo
z'ubutumwa,

iv. Igihe uruhuka witavye inama ngarukamwaka n'abandi ba pasitori;

v. igihe uruhuka wo kwitaba no kuzuza serivisi kubuyobozi bwa EFC-ER
n'abakozi bandi.

d. Isabato canke Kureka Kubura

i. Isabato y'apasiteri ni mwanya wo kuruhuka bikaca bizana kuvugurura.
Intandaro y'isabato ni isano hagati ya pasiteri n'Imana. Isano ibaho biciye

muguhuzwa na mpwemu, kwiga, kuruhuka, na / canke kuruhuka bisanzwe. Kubera ko Imana idashaka ko abantu bayo babaho ubuzima buruhishije, amasabato ni inzira zo kuruhuka . Impamvu zo gukorera cane mu karuhuko ko kw'isabato zijanye no kuruha mu mutwe, ku mubiri, mu mpwemu, canke ibijanye n'umutima.²⁹⁴

- ii. ibiganiro bijanye n'akaruhuko birashobora gutanguzwa na pasitori, inama nkuru y'abakukuruke canke umukuru ajejwe gukuza ivy'intwaro
- iii. Akaruhuko kemezwa na n'urusengero hamwe n'uwujwe ugukura kw'urusengero
- iv. imvo z'akaruhuko zishobora kuba
 - (a) kuruhuka no gusubirizwa
 - (b) ivyirwa
 - (c) igikorwa c'isengero canke akandi kazi
 - (d) ikibazo canke ibindi vyihutirwa
- v. Urusengero rubandanya ruriha umushahara ukwiye , batanga n'uburusho bwa pasitori , mbere bakanamurihira ibikoresho vyose bikenewe.

360 ABAKOZI B'URUSENGERO

- a. Urusengero rurashobora guhamagara abandi bakozi (abapasitori n'abayobozi) gukora.
- b. Pasiteri mukuru , abigishije inama n'abakuru b'urusengero, azotanga akazi k'ubakozi (abapasitori n'abayobozi)
- c. Guhitamwo umuntu uwo ari we wese ku mwanya w'abakozi b'imana mu rusengero utegerezwa kwemezwa n'umurwi ushinzwe iterambere ry'ubuyobozi.
- d. Abakora murusengero baha amakete yabo y'ukubiheba/canke gukukuruka umuyobozi mukuru w'urushengero(pasitori) ibijanye n'abakozi bitegurwa n'umurwi w'abakurambere b'urushengero bakoranye n'yumurwi ujanye n'ubuzima bw'urusengero. Umuyobozi(pasitori)mushasha arashobora guha akazi abakozi bari baragahawe kera.

370 IVYANGOMBWA

- a. Icemezo co mu bushikiranganji
 - i. Umwe mu bagize urusengero ryaho hantu arashobora gusaba icemezo c'ugukora biciye muri EFC-ER mu gihe hakenewe ivyo vyangombwa kugira imirimo

y'urusengero itangure. Ingene Barusaba biriho mu murwi ushinzwe iterambere ry'ubuyobozi.

b. Uruhusha rwa rw'umuyobozi /rwa Pasiteri

i. Abantu bose bahamagariwe gukora ibikorwa vy'urusengero kandi bagakora ivy'ubutumwa aho babaye bategerzwa kurondera uruhusha rwa pasitori rutangirwa mu murwi ushinzwe iterambere ry'ubuyobozi. Ingene rusabwa biri mu murwi ushinzwe iterambere ry'ubuyobozi.

ii. Aba pasiteri bakora igihe cose bategerzwa gutangura ibijanye n'iyimikwa

iii. muntu azohabwa urundi ruhusha rushasha buri mwaka na wa murwi ushinzwe iterambere ry'ubuyobozi ukurikije inzira zo gusaba zanditwe mumategeko mu mu gitabo cy'urusengero c'umurwi ushinzwe iterambere ry'ubuyobozi

c. Ibijanye n'ukwimikwa

i. ibijanye n'uwkiyandikisha biri mu gitabo kiri murwi ushinzwe iterambere ry'ubuyobozi Abakandida bazosuzumwa aruko uruhushya rwa pasiteri rumaze kwemezwa.

ii. Iyo umukandida abonetse ko yiteguye, Umuyobozi ajewe iterambere ry'Ubuyobozi azotanga icipfuzo co kwimikwa mu mugwi ujejwe iterambere ry'ubuyobozi. abakandida bazoca bazanwa munama ihereza umwaka kugira bemezwe

iii. umubano w'abapasitori banditswe na EFC-ER uzoza urarabwa buri myaka itanu n'umurwi ujejwe ry'ubuyobozi murusengero

iv. Abapasitori bakukurutse bameze neza bazogumana ivyangombwa vyabo .

d. Ihererekanyabubasha

i. Abo bafise uruhusha/ banditswe nk'abapasitori bashizweho bashaka kwimurwa mu yandi ma dini bazorabwa n'umurwi ujejwe iterambere ry'ubuyobozi mwisengero . umurwi ubijewe uzosuzuma uburambe, amashure, n'inyigisho yaronse mu kugena ibyangombwa na EFC-ER